

Kunzwisia uye Kuudzana Manzwiro

Chiitiko 1

Gabi akanga aenda kunodya masikati neshamwari dzake, asi paakaenda kuchimbuzi, akasiya foni yake patafura. Paakanga asipo, shamwari yake Castel akatora foni yaGabi akabva atanga kuverenga mameseji ake. Meseji yekutanga yaakaona yakanga ichibva kuna amai vaGabi vachipopota kuti akanga atadza masvomhu.

- Izvi zvingaita kuti Gabi anzwe sei?
- Nemhaka yei Gabi angasada kuudza shamwari dzake kuti akadofora?
- Zvakaitwa naCastel zvakanaka here?
- Dzimwe shamwari dzakanga dzichidya navo dzinganzwa sei nezvakaitwa naCastel?
- Unofungei nezvaCastel? Zvakaitwa naCastel zvine unhu here? Ungada kuva shamwari yaCastel here?
 - Waizonzwa sei kudai mumwe munhu aizoita izvozvo kwauri?
 - Pane pazvakanaka here kutarisa zviri mufoni yemumwe usina mvumo? Ko kana uri kutyira kuti shamwari yako ingangopinda munjodzi?

Chiitiko 2

Rodrigo ari kutaura naCaitlin obva agumburwa owira mumadhaka. Caitlin anofunga kuti shamwari yake yava kunakidza kuona oitora mufananidzo, asi Rodrigo haaseki, anotoratidza kunyara nazvo.

- Chii chingaita kuti Caitlin aise mufananidzo uyu paindaneti?
- Chii chaita kuti Rodrigo atsamwe?
- Unofunga kuti Rodrigo anofanira kuudza Caitlin kutii?
- Waizonzwa sei kudai mumwe munhu aikutora mufananidzo unonyadzisa? Ungada kuti uiswe paindaneti here?
- Tingati chiitiko chakadai kudheerera mumwe munhu here?

Chiitiko 3

Victoria mwana wechikoro ane makore 15 uye ane hanzvadzi mbiri, amai, shamwari dzakawanda nevamwe vepachikoro paanodzidza. Victoria naMarek vanodzidza pachikoro chimwe chete uye vane basa rechikoro ravari kuita vari vaviri muzvidzidzo zvesayenzi. Nezuro vakanyora bvunzo dzesayenzi, uye pakadzoka mabhuku, Marek akaona kuti Victoria akanga atsamwa chaizvo. Vhiki rakatevera racho Victoria haana kuuya kuchikoro kwemazuva akati kuti, saka Marek akashanda ega pabasa riya resayenzi. Paakadzoka, akaudza Marek kuti akanga aenda kunoona chiremba, asi hapana zvizhinji zvaakataura.

- Pachikoro apa, ndiani anofanira kuziva zvakabuda pabvunzo dzake? Ndiani anofanira kuziva zvakabuda kwachiremba? Nemhaka yei?
- Victoria angada kuudza ani nyaya idzi?
- Muupenyu hwako, ndeapi mashoko aungada kuti vabereki vako / vanokurera vaone asi kwete shamwari dzako, kana kuti zvaungada kuti shamwari yako iudze vabereki / vanoirera yorega kukuudza?

Kunzwisia uye Kuudzana Manzwiyo: Kopi Yemudzidzisi

Chiitiko 1

Gabi akanga aenda kunodya masikati neshamwari dzake, asi paakaenda kuchimbuzi, akasiya foni yake patafura. Paakanga asipo, shamwari yake Castel akatora foni yaGabi akabva atanga kuverenga mameseji ake. Meseji yekutanga yaakaona yakanga ichibva kuna amai vaGabi vachipopota kuti akanga atadza masvomhu.

- Izvi zvingaita kuti Gabi anzwe sei?
 - Gabi anogona kufunga kuti kodzero dzake dzatyorwa uye anogona kutadza kuvimba neshamwari yake.
- Nemhaka yei Gabi angasada kuudza shamwari dzake kuti akadofora?
 - Gabi anogona kunge achifunga kuti zvabuda mubvunzo hazvifaniri kuzivikanwa nevamwe.
- Zvakaitwa naCastel zvakanaka here?
 - Vadzidzi vanofanira kufunga kuti izvi zvikaitika kwavari vachaita sei, uye kuti naivovo vanotarisira chii kubva kushamwari dzavo.
- Dzimwe shamwari dzakanga dzichidya navo dzinganzwa sei nezvakaitwa naCastel?
 - Vadzidzi vanofanira kufunga nezvekuti vangaitei kuri kuti vaona zvinhu zvisina kunaka zvchiitika.
- Unofungei nezvaCastel? Zvakaitwa naCastel zvine unhu here? Ungada kuva shamwari yaCastel here?
 - Waizonzwa sei kudai mumwe munhu aizoita izvozvo kwauri?
 - Pane pazvakanaka here kutarisa zviri mufoni yemumwe usina mvumo? Ko kana uri kutyira kuti shamwari yako ingangopinda munjodzi?
 - Vadzidzi vanofanira kufunga kuti izvi zvikaitika kwavari kana kushamwari dzavo vachaita sei.

Chiitiko 2

Rodrigo ari kutaura naCaitlin obva agumburwa owira mumadhaka. Caitlin anofunga kuti shamwari yake yava kunakidza kuona oitora mufananidzo, asi Rodrigo haaseki, anotoratidza kunyara nazvo.

- Chii chingaita kuti Caitlin aise mufananidzo uyu paindaneti?
 - Vadzidzi ngavazive chingave chakaita kuti Caitlin aite zvaakaita: kazhinji kuisa zvinhu zvinosetsa kana kufarirwa nevanhu paindaneti hakuna kushata, chero bedzi ari kutaurwa wacho asingazokuvare.
- Chii chaita kuti Rodrigo atsamwe?
 - Vadzidzi vanofanira kuongorora kuti vangafunga sei nezvemumwe munhu pavanenge vachishandisa indaneti.
- Unofunga kuti Rodrigo anofanira kuudza Caitlin kutii?
 - Vadzidzi vanofanira kubuda nemazano ekuti vangagadzirisa sei unhu hwakadai.
- Waizonzwa sei kudai mumwe munhu aikutora mufananidzo unonyadzisa? Ungada kuti uiswe paindaneti here?
 - Vadzidzi vanofanira kufunga nezvezvinhu zvavanoda kuitirwa pachavo panyaya yezvingaudzwa vamwe paindaneti neshamwari dzavo.
- Tingati chiitiko chakadai kudheerera mumwe munhu here?
 - Vadzidzi vanofanira kuongorora chinonzi kudheerera vamwe vokurukura muudzame nezvenyaya iyi.

Chiitiko 3

Victoria mwana wechikoro ane makore 15 uye ane hanzvadzi mbiri, amai, shamwari dzakawanda nevamwe vepachikoro paanodzidza. Victoria naMarek vanodzidza pachikoro chimwe chete uye vane basa rechikoro ravari kuita vari vaviri muzvidzidzo zvesayenzi. Nezuro vakanyora bvunzo dzesayenzi, uye pakadzoka mabhuku, Marek akaona kuti Victoria akanga atsamwa chaizvo. Vhiki rakatevera racho Victoria haana kuuya kuchikoro kwemazuva akati kuti, saka Marek akashanda ega pabasa riya resayenzi. Paakadzoka, akaudza Marek kuti akanga aenda kunoona chiremba, asi hapana zvihinji zvaakataura.

- Pachikoro apa, ndiani anofanira kuziva zvakabuda pabvunzo dzake? Ndiani anofanira kuziva zvakabuda kwachiremba? Nemhaka yei?
 - Vadzidzi vanofanira kuongorora kuti mashoko akasiyana-siyana ane udzamu hwakasiyana sei panyaya yekusaudzwa vamwe vasinei nazvo.

Zvakabuda mubvunzo dzaVictoria inyaya yaasingadi kuti izivikanwe neshamwari dzake, vaanodzidza navo, kana kuti veruzhinji. Zvisinei, vabereki vake kana haya vanomurera vanofanira kuziva. Ndizvo zvimwe chete nezvakabuda kwachiremba, uye izvi zvakatonyanya kana tichienzanisa nezvebvunzo.

- Victoria angada kuudza ani nyaya idzi?

- Victoria anogona kusarudza ega kuti haadi kuti vamwe vazive. Hapana anofanira kupikisa zvaanenge asarudza izvi. Anogonawo kusarudza kuudza vamwe zvishoma zvacho. Semuenzaniso, anogona kuudza vabereki vake kuti akanetseka sei pakunyora bvunzo, orega kuudza shamwari dzake.

- Muupenyu hwako, ndeapi mashoko aungada kuti vabereki vako / vanokurera vaone asi kwete shamwari dzako, kana kuti zvaungada kuti shamwari yako iudze vabereki / vanoirera yorega kukuudza?

- Vadzidzi vanofanira kuona kuti ndivo vega vanokwanisa kusarudza zvavangada kuudza vamwe kana kuti kwete.